*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№52 (26504)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 27 мартъи – тæргæйтты мæйы 27 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НÆ ТЫХ ИУДЗИНАДЫ ИС
Форум равзæрста вазыгджын фарстатæ

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Бæрæгбон

## Арфæ культурæйы архайджытæн



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Культурæйы кусæджы профессион боны фæдыл арфæ ракодта къабазы минæвæрттæн æмæ сын балæвар кодта хæрзиуджытæ. Кадджын мадзалы архайдта республикæйы культурæйы министр ГУЫДИАТЫ Батрадз дæр.**

Сергей Меняйло, Цæгат Ирыстоны культурæйы кусджытимæ ныхас кæнгæйæ, фæбæрæг кодта, сæ зæрдиаг фæллойæ уыдон кæй хъахъхъæнынц æмæ фылдæр кæнынц нæ республикæ æмæ бæстæйы монон бынтæ, сты рухстауджытæ, егъау бавæрæн хæссынц фæсивæды монон-сыгъдæгдзинады хъомыладмæ.

– Сымах – курдиатджын, зæрдæргъæвд, уарзут уæ куыст æмæ стут кады аккаг. «Культурæ» бирæвæрсыг æмбарынад у. Уый у нæ истори дæр, не 'гъдæуттæ æмæ традицитæ, нæ национ хæзнатæ. Нæ кадджын æмзæххонты нæмттæ Ирыстоны кадыл кад æфтауынц, æмæ уый дзурæг у, нæ республикæ бæрзонд культурæ кæй хæссы, ууыл. Стыр сæрыстырдзинад дæттынц нæ театртæ, музейтæ, ансамбль «Алан», бæхты драмон театр «Нарт» æмæ культурæйы иннæ артдзæстытæ. Сæйрагдæр та, цы адæм дзы кусы, уыдон. Уыдон сты нæ республикæйы культурон бынтæ! Бузныг уын уæ фæллойы тыххæй. Мæ зæрдæ уын зæгъы ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ, æнæкæрон хъару, фидар æнæниздзинад æмæ амонд, – загъта Сергей Меняйло.

Республикæйы музыкалон аивадмæ Махъоты Ацæмæзы номыл Сывæллæтты музыкалон скъолайы ахуыргæнæг **Хъиргъуыты-Лазарты Ларисæ** стыр бавæрæн кæй бахаста, уый фæдыл хорзæхджын æрцыд майдан «Ирыстоны намысæн»-æй.

Театралон аивадмæ стыр бавæрæн бахæссæг Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры артист **Цæллагты Сосланæн**, фæсивæдон театр студи – сатирæйы театр «Амыран»-ы артисттæ **Баситы Аслан** æмæ **Сидахъаты Дзамболатæн** лæвæрд æрцыд «РЦИ-Аланийы адæмон артист»-ы кадджын нæмттæ.

Бæрзонд аивадон уацмыстæ ныффыссыны фæдыл «РЦИ-Аланийы Адæмон фыссæг»-ы кадджын ном лæвæрд æрцыд рауагъдад «Ир»-ы редактор **Мамыкъаты Хъазыбег** æмæ РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг **Цомартаты Изæтбегæн**.

Зарæггæнæджы дæсныйады бæрзонд æнтыстдзинæдты фæдыл «РЦИ-Аланийы сгуыхт артист»-ы кадджын ном лæвæрд æрцыд камерон хор «Алания»-йы вокалон артисттæ **Езеты Игорь, Демьян Карнаухов** æмæ **Сидахъаты Азæмæтæн**.

Культурæйы къабазы сгуыхтдзинæдтæ æмæ æнтыстджын архайды фæдыл «РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг»-ы кадджын ном лæвæрд æрцыд Дзанайты Азанбеджы номыл Дзæуджыхъæуы аивæдты училищæйы ахуыргæнæг **Бæдтиаты Таймуразæн**, Ног Бæтæхъойыхъæуы Культурæйы хæдзары разамонæг **Берозты Риммæ**, Æрыдоны Сывæллæтты аивæдты скъолайы ахуыргæнæг **Дзыгасты Виктория** æмæ Цыколайы Сывæллæтты аивæдты скъолайы ахуыргæнæг **Кокойты Людмилæйæн**.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Хъæбатыры номарæн турнир

## Бавдыстой бæрзонд цæттæдзинад



**Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы уыд Уæрæсейы Хъæбатыр Тыбылаты Мараты номарæн республикон хæстон-спортивон турнир. Архайдтой дзы 16 командæйы – 9-11 къласты ахуырдзаутæ Цæгат Ирыстоны горæттæ æмæ хъæутæй, æдæппæтæй – 160 чызг æмæ лæппуйы.**

Турнир хъуамæ сбæрæг кодтаид хуыздæрты æмæ арæхстджындæрты алыхуызон дисциплинæты – дугъ кæныны, гранат æхсыны, мас-рестлинджы, автомат райхалын æмæ сæмбырд кæныны, фыццаг медицинон æххуыс раттыны. Мадзалмæ æрбацыдысты Дзæуджыхъæуы администрацийы ахуырады управлени æмæ æхсæнадон организацийы минæвæрттæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ. Турниры кадджын уазджытæ уыдысты Тыбылаты Мараты æмслужбæгæнджытæ сæрмагонд нысангонд хæстон хайад «Кавказ» Железноводскæй.

Ерысты æвууæнкджын тох цыдис хъазуатонæй, æмæ дзы фыццаг бынат бацахста Æрхонкæйы станицæйы фыццæгæм скъолайы командæ, дыккаг бынат – Мæздæджы районы Веселойы минæвæрттæ, æртыккаг та – Камбилеевкæйы скъолайы командæ.

**БУТАТЫ Азæмæт,**
**къам систа Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

Æмбырд

## Кусæг къорды хатдзæгтæ

**Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеоконференцбастдзинады фæрцы архайдта Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары Цæгат Кавказы федералон зылды Культурон бынты объектты æмæ сæрмагондæй хъахъхъæнинаг территориты паддзахадон хъахъхъæнынад æмæ сæ пайдакæнынады фарстаты фæдыл цæстдарæг советы кусæг къорды æмбырды.**

«Росреестр»-ы Цæгат Кавказы федералон зылды управленийы разамонæг **Вячеслав Песков**, Уæрæсейы Генералон прокуратурæйы Цæгат Кавказы федералон зылды сæйраг управленийы хицауы хæдивæг **Еленæ Болдырева**, бæстæйы Мидхъуыддæгты министрады Цæгат Кавказы федералон зылды сæйраг управленийы 3-аг оперативон-агурæн хайы хицауы хæдивæг **Виктор Наников**, УФ-йы Культурæйы министрады Хуссайраг æмæ Цæгат Кавказы федералон зылдты управленийы разамонæг **Александр Доманов**, стæй Цæгат Кавказы федералон зылды паддзахадон хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ кæм архайдтой, уыцы æмбырды сæрдариуæг кодта Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджын минæвары хæдивæг **Максим Владимиров**.

Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой ивгъуыд азы куысты бæрæггæнæнтыл, стæй культурон бынты объектты паддзахадон хъахъхъæнынад æмæ сæ пайдакæнынады фарстатыл. Амынд къабазы зæххы закъонæвæрынад куыд æххæст кæнынц, уый тыххæй хабæрттæ фехъусын кæнгæйæ, æмбырды архайджытæ культурон бынты объектты хъахъхъæнынады ахадындзинад фæуæлдæр кæныны фæдыл сбæлвырд кодтой иумæйаг архайды сæйрагдæр къабæзтæ. Культурон бынты объектты хицæуттæ æмæ ацы объекттæ хацонырайсæг адæймæгтæ хъахъхъæнынады хæстæ куыд æххæст кæнынц, рахастæуыд уымæ цæст ныррæй лæмбынæгдæр дарыны уынаффæ. Уымæй уæлдай, горæтаг квартæлты историон уынд чи халы, ахæм ног арæзтад æххæст кæнынæн бар нæ дæтдзысты.

– Нæ регионы ис культурон бынты хæрх объекттæ. Цæгат Ирыстоны территорийыл чи æрбынæттон, ныртæккæ Уæрæсейы Адæмты культурон бынты объектты иугонд паддзахадон номхыгъды фыст сты авдсæдæ ахæм объектæй фылдæр. Уымæй уæлдай, нæ регионы ис культурон бынты раргомуæвæг мин дыууæсæдæ объекты. Историон цыртдзæвæнтæ ногæй саразыны фæдыл куыст парахатæй æххæст кæнæм. Кæлæддзаг уавæры чи уыд, федералон æмæ республикон фæрæзты хардзæй Дзæуджыхъæу æмæ Алагиры æрбынæттонуæвæг уыцы рагон бæстыхæйтты къултæ рацарæзтам. Алагиры районы Нузалы кувæндон æмæ Дæллагхъæуы Брытъиаты мыггаджы мæсыг, стæй Æрæфы районы Фæснæлы мæсыгон зæппадзы консерваци бахæст кодтам. Федералон бюджет культурон бынты объектты консерваци дарддæр æххæст кæнынæн фæрæзтæ цæмæй рахай кæна, фарстайы ахадындзинад нымайгæйæ, уый фæдыл курдиæттæ барвыстам, – æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, загъта Дзанайы-фырт.



Уымæй уæлдай, Максим Владимиров æмбырды архайджытæн æмæ ацы адæймæгты фæрцы федералон зылды культурæйы æппæт кусджытæн профессион бæрæгбон – Культурæйы кусæджы боны – фæдыл раарфæ кодта. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-слжбæ

**Нæ уацхæссæг**

Ахсджиаг хъуыддаг

## Фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæнынц

**«Роспотребнадзор»-ы цæгатирыстойнаг управлени æмæ Уæрæсейаг æхсæнад «Зонад»-ы æххуысæй Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы арæзт æрцыд егъау акци. Баст уыд дыууæ ахсджиаг бæрæгбонимæ: Фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæнынæ дунеон бон æмæ Тарнизы ныхмæ кæныны дунеон бонимæ.**

«Роспотребнадзор»-ы эпидемиологон хайады хицау **Цæрикъаты Мæдинæ** бæлвырд æрдзырдта хæцгæ низтæй бахъахъхъæнын æмæ низтæ развæлгъау сбæрæг кæныны мадзæлттыл, бафиппайдта, социалон æгъдауæй тæссагдæр низты ныхмæ, уыдонимæ тарниз дæр, медицинон кусджытæ къæрцхъусæй куыд архайынц, уый.

– Нæ хæс у низтæй канд дзæбæх кæнын нæ, фæлæ сæ ныхмæ профилактикон мадзæлттæ аразын дæр, стæй хæцгæ низтæй рынчынты развæлгъау рабæрæг кæнын. Уымæ гæсгæ «Роспотребнадзор» æххæст кæны адæмы алы къорды низты профилактикæйы мадзæлттæ æмæ эпидемиологон уавæрмæ цæст дары. Хæцгæ низ куыддæр сбæрæг кодтой, афтæ дзæбæхгæнæн-профилактикон уагдæтты медицинон кусджытæ æвæстиатæй хабар хъуамæ фехъусын кæной, низ цæмæй дарддæр ма ахæлиу уа, уый тыххæй. Афтæмæй, адæмы æнæниздзинад аразгæ у не 'ппæты æмархайдæй дæр, – загъта Цæрикъаты Мæдинæ.

«Роспотребнадзор»-ы специалисттæ æрныхас кодтой, медицинон лæггæдты æдасдзинадимæ баст æппæт фарстатыл, стæй дохтыртæ æмæ рынчынты ахастдзинæдтыл.

Фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæныны хайады сæргълæууæг **Плиты Аннæ** йе 'ргом аздæхта фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæныны хъуыддаджы юридикон æмæ адæймаджы удварны ахастдзинæдтæм. Студенттæн бамбарын кодта, медицинон уæлдæр ахуыргæнæндон каст фæуыны фæстæ фæлхасгæнджыты бартæ хъахъхъæныны хъуыддаджы сæ куыст куыд ахсджиаг уыдзæн, уый.

Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы медикон-профилактикон факультеты декан **Дзулаты Индирæ** бафиппайдта, ахæм акцитæ арæхдæр аразын кæй хъæуы, уый, цæмæй студенттæ сæ фидæны дæсныйадимæ хæстæгдæр зонгæ кæной æмæ йын йæ бæрнондзинад ноджы тынгдæр æнкъарой.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

### Дзырды фарн

***Куы йæ зонай, адæмæн бæззыс,***
***уарзынц дæ, уæд уый амонды хос у.***

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **27 мартъийы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **7 – 10 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 12,26 | Хурыскаст — 05,52 Хурныгуылд — 18,21 | Валютæйы аргъ | Доллар — 80,72 Евро — 93,81 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

«Нæ тых нæ иудзинады ис»

# Форум равзæрста вазыгджын фарстатæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО бацархайдта дунеон форум «Нæ тых нæ иудзинады ис»-ы. Иу фæзуатыл форум æрбангом кодта æхсæнады, хицаудзинады оргæнты кусджыты, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты, сæ хиуæтты, куыд Цæгатæй, афтæ Хуссар Ирыстонæй дæр, Хъæрæсе-Черкесийæ, Кæсæг-Балхъарæй, Дагъистанæй, Цæцæнæй ссæуæг минæвæртты.**

Рæгъмæ рахастæуыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн аккаг æххуыс кæныны фарстатæ. Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, форум ссис, кæрæдзимæ комкоммæ, уымæй уæлдай, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонты цæстытæм бакæсыны бынат. «Хицаудзинады оргæнты кусджытæ æмæ æхсæнады 'хсæн хъуамæ æмгуыстад уа, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтыл, сæ кæстæртыл бамæт кæнын нæ сæйрагдæр хæстæй иу у», – фæбæрæг кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

Куыд радзырдта, афтæмæй операцийы ветерантæн сæ цуры балæууын хъæуы, сабыр царды сын фадæттæ хъуамæ фæзыной, социализацийы æппæт къæпхæнтæ ацæуой. «Уыцы фарстатæм хъуамæ æппынæдзух нæ цæст дарæм, алы ветераны риссагдæр хъуыддæгтæ æвзарæм. Æрæджы сфидар кодтон, Ветеранты хъуыддæгты тыххæй комитет саразыны уынаффæ, уый æппæт фарстатæ æрбаиу кæндзæн. Иунæг адæймаг-ветеран дæр йæ фарстаимæ иунæгæй нæ баззайдзæн, сæрмагонд æфсæддон операцийæ сыздæхт, уæд æй хъуамæ зона, сабыр царды дæр хъæуы», – загъта Сергей Меняйло.

Форумы куыстой тематикон фæзтæ, æргом аздæхтой, æбæрæгæй æфсæддон операцийы чи фесæфт, уыдоны цотæн психологон æххуыс бакæныны хъуыддæгтæм, реабилитацион куыстмæ, социалон нысантæ царды уадзынмæ. Ахъаззаг ныхасы архайджытæ бакастысты концертмæ, форуммæ рахастой Кавказы адæмты хæринæгты равдыст.

Ацы форумы сарæзтыл бацархайдтой Фыдыбæстæйы хæстонты бинонты комитет, Сæрмагонд æфсæддон операцийы паддзахадон фонд æмæ Горæтгæрон районы бынæттон хиуынаффæйады администраци.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Бæрæгбон

# Адæмон театры стъалы

**Театралон аивад Ирыстоны бæрзонд æвæрд кæй у, æхсæнады царды йын стыр ахадындзинад кæй ис, уымæн æвдисæн, йæ зæххыл аст паддзахадон æмæ æхсæз адæмон театры кæй кусынц, уыцы цау. Нымæцон дунейы рæзты заман дæр ыл къух нæ систой, иуварс æй нæ æрæвæрдтой. Уый нæ, фæлæ ма йæ тых фæхъомысджындæр. Театр у царды æцæгдзинад æвдисæг, адæймаджы философон хъуыдытыл æфтауæг, зæххон дунейы йын цы бынат лæвæрд ис, уый æвдисæг. Уымæн нæ зæронд кæны театралон аивад, уымæн æм тырны адæймаг цин æмæ масты.**

Театрдзау залы спектаклмæ кæсынмæ нæ, фæлæ дзы архайынмæ иу хатт йæ ныфс куы бахæссы, уæд уый дæр уæлахизыл нымад цæуы. Чи йæ бавзæрста, æрмæст уый æмбары, театрмæ уарзондзинадæй зæры бонмæ кæй нал сцух уыдзæн, уый.

Хуымæллæджы Адæмон театр Ирыстоны рагондæртæй иу у, йæ равзæрдæй абонмæ дзы æвæллайгæйæ архайы та. Цал ролы ахъазыдтæн, уый хъуыды дæр нал кæнын, ныр мæ 86-æм азы кары бацыдтæн, – худы Аким. Фæлæ театры фыццагдæр цы спектакль сæвæрдта Сопойты Уырысхан, уый «Грицко» кæй уыд, уый хорз хъуыды кæны.

Йæ зæрдыл дары Токаты Асæхы пьесæмæ гæсгæ спектакль «Усгуртæ»-йы Хъазийы роль, уарзон ын сси. Дыууæ сурæты равдисын ын дзы бантыст: фыццаг – Сæуджен, иннæ æм архайынмæ нал цыдысты. Цæмæй нын æй ма сисой, уый тыххæй Дзгойты Сергеиимæ дыууæйæ сæвæрдтам сценкæ, фысгæ дæр æй йæхæдæг ныккодта Сергей. Бакуыстам ыл, сцæттæ, æмæ йæ къамисы размæ рахастам. Уыйадыл нæ театр адæмонæй баззад. Цыфæнды роль дæр мын куы раттынц, уæддæр æй арф айсын мæ зæрдæмæ, зæрдиагæй йыл бакусын, цæмæй адæммæ бахъара,



Хуымæллæджы Адæмон театры коллектив

РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг **Хъуылаты Аким**. Авд азы йыл цыд, афтæмæй Хуымæллæджы скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Цæлойты Федя, Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй уæлахизимæ сыздæхгæйæ, йæ сæйраг хæстæй уæлдай бавнæлдта бынæттон клубы театры режиссеры хæстæ 'ххæст кæнынмæ дæр. Йæ фæрцы сывæллон лæппуйы – Хъази. Фæстæдæр уыдысты «Æфхæрдты Хæсанæ» æмæ «Чермен», «Пæсæйы фæндон», ахъазыд дзы сæйраг рольтæ. Аким зарынмæ дæр дæсны у, Æхсарбеджы зарæг уæлдай зæрдæбынæй зарыд.

Алы азты Хуымæллæджы Адæмон театрæн лæггад кодтой дзæнæты бадинаг, зындгонд æмæ адæмæн уарзон артисттæ Мæхъиты Валодя, Цихиты Мæирбег, Цорæты Валери, Галазты – зæгъы театралон аивадыл иузæрдион. Сæ хæдзарвæндагæй уыцы хъуыддагыл хæст ничи фæцис йæ хъæбул Алинæйæ уæлдай. Уый зæрдæмæ дæр цæуы бынæттон театры архайын. Йæ рæстæджы республикæйы хъуыстонд уыд Хуымæллæджы героикон зарæггæнджыты хор, дзырддзæугæ хистæр Кæсæбиты Митя дзы зарыд, афтæмæй. Аким ам дæр уыд



Спектакль "Фыдыуæзæг"-æй сценæ

рæзгæ уды сæвзæрд театрмæ уарзондзинад æмæ абоны онг дæр нæ бамынæг йæ риуы. Афтæ кæй рауайдзæн, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, театры хъазынмæ нæ тырныдта. Иугæр дын аивадон куыст æрдзæй лæвæрд у, уæд хъысмæты ныхмæ æрлæууыны тых кæмæ разындзæн, æмæ ацыд йæ ахуыргæнæджы фæндыл.

Хъæуы клуб фыццаг колхозы кæрты уыд, фæстæдæр, 1963 азы, йæ уæллаг фарс сарæзтой Культурæйы артдзæсты ног бæстыхай. Уыцы аз Хуымæллæджы хъæууон театрæн лæвæрд æрцыд адæмоны ном. Уæдæй абонмæ йæ хæссы кад æмæ радимæ.

– Хъуыстгонд кафæг Сопойты Батырбег мæ мады 'фсымæр уыд, Сопойты Уырысхан та, фыццагдæр «Симд» чи сæвæрдта, уыцы хореограф. Уыцы хæстæгдзинады тæваг фæзынд мæ дарддæры цардыл. Куы-иу мæ бафарстой, кæмæй дæ, уæд иу, Сопойтæй дæн, зæгъгæ, уыд мæ дзуапп. Фыццаг кафджытæм цыдтæн, архайдтон скъолайы хихъæппæрисадон къордты. Адæмон театры хъазынмæ мæ Федя разæнгард кодта Земфирæ, фæстæдæр – Бекмæрзты Æхсар. Тынг нæ кодтой размæ, зæгъгæ, мысы театры царды ивгъуыд бонтæ хъæуы театры раззагдæр актер. Ныр та йæ режиссер-æвæрæг у **Айларты Асæхмæт**. Æхсæз спектаклы уал ын бантыст сæвæрын, æмæ дзы алы ран дæр хъазы Хъуылайы-фырт. «Фæззыгон дидинджытæ», «Сау лæппу», «Æз дæр дæ уарзын» æмæ иннæтæ тынг фæцыдысты адæмы зæрдæмæ. Царды дын театр цы ратта, зæгъгæ, куы бафарстон Акимы, уæд ныхъхъуыды кодта, стæй загъта:

– Цæмæй адæмы 'хсæн уон, уымæ тырнын. Æртын азы къраныл бакуыстон Дзæуджыхъæуы, пенсийы раджы рацыдтæн, уæддæр æнцад бадын нæу мæ бон. Тракторыл бадын, къраныл кусын бынæттон колхозы. Ацы бонты быдырон куыстытæ кæнын, минералон хъацæнтæ хæссын мæрмæ. Фæлæ мæ театры куыст дæр рох нæу, мæ зæрдæ йыл никуы сивтон. Зоныс, ивгъуыд æнусы 85 – 86-æм азты ахæм рæстæг ралæууыд, æмæ нæ театрæн йæ адæмоны ном куы айстаиккой, уымæй тæссаг уыд. Адæм активон архайæг, канд хъырнæг дзы нæ уыд. Концертты рæстæг Уырысты Фузæимæ зарыдысты адæмæн сæ уарзон зарджытæ. Сопойты Батырбеджы хæрæфырт йæ рæстæджы фæцалх йæ мады 'фсымæрыл æмæ хæдахуыр хореограф хъæуы Культурæйы хæдзары æвæрдта кæфтытæ дæр. Ирон кæфтытæй уæлдай йын бантыст кæсгон, румынаг, мæхъæлон æмæ иннæ адæмыхæттыты кæфтытæ сценæмæ рахæссын.

Театры æппæтдунеон бон Хуымæллæджы адæмон театры коллектив нымайы йæ бæрæгбоныл. Адæмы удæнцойдзинадыл чи архайы, рæстуд царды сæ чи амидин кæны, йæ царды иу хай театрæн чи снывонд кодта, Ирыстоны уыцы хистæртæй иу у Хъуылаты Аким – адæмон театры ветеран. Сæ бæрæгбоны та хæдахуыр артисттæ, фæткмæ гæсгæ, бацæттæ кæнынц æмæ адæмы размæ рахæссынц спектакль, цæмæй театрмæ уарзондзинады рухсæй батавой залы баджджыты зæрдæтæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къамтæ ист сты Хъуылаты бинонты архивæй**

Ахаст

# Сабыр цардмæ куыд раздæха Иран...

**Уæрæсейаг адæм къæрцхъус сты, Ираны бæстæйы цы æвирхъау хæст расайдтой, сæ цæрджытæ сæ удтæн кæй ницы зонынц, сæ сабыр цард сын кæй сæмтъеры кодтой, æппæт уыдæттæм. О, нæхи бæстæ дæр сæрмагонд æфсæддон операци йæ хæдбардзинад бахъахъхъæныны охыл райдыдта, фæлæ сыхаг, сабыр цæрæг ирайнæгты хъысмæт нæ алкæй дæр æндавы.**

Америкæйы Иугонд Штаттæ Израилимæ иумæ сæ ных сарæзтой Ираны ныхмæ, калынц сыл бомбæтæ, æхсынц сæ æнауæрдонæй, сабыр цæрæг адæм æвзарынц уæззау хъизæмæрттæ. Хæст кæм уа, уым мæлæт дæр ис... Ахъуыды кæн, уæд уæрæсейаг адæмты 'хсæн æрмæстдæр ирæттæ сты тынг хæстæг ирайнаг адæмты къордмæ, Кавказы адæмтæ дæр уыцы бастдзинад æнкъарынц. Ирон адæмы Нарты кадджытæ хæстæг сты ирайнаг фольклормæ-эпосмæ.

Рагон истори куыд амоны, афтæмæй ирайнæгтæ раджы заман цардысты Уæрæсейы Хуссары, Хуссар Уралы, Кавказы, Казахстаны. Фæлæ иу афон сæ цæрæн бынæттæ уадзын райдыдтой, аивылдысты, рагон Вавилон, Шумер æмæ Элан кæм уыдысты, уырдæм. Се 'взаг нæ фесæфтой, фæлæ бирæ адæмтимæ сæмхæццæ сты, сæ гæнæнтæй дæр сын спайда кодтой. Уымы цæрæг адæмтæй райстой бирæ хорздзинæдтæ. Фæстæдæр сæ паддзахад, сæ импери схуыдтой Иран.

Дунейы æппæты ахсджиагдæр динтæ сты пысылмон, чырыстон, иудаизм æмæ буддизм. Фæлæ сæ бындуры ис зороастризмы дин. Уæды импери цард дыууæ мин æмæ фондзсæдæ азы, уыдис егъау бæстæ, уæды заман мæт кодтой æмæ арæзтой фæндæгтæ, уыд сæм посты бастдзинад, æндæр хæрзтæ. Адæмы кæцыдæр къордты динты сконд мæ не 'внæлдтой. Адæмæн царды æппæт фадæттæ арæзтой, уыдон дæр, кæрæдзийы æмбаргæйæ, цардысты, рæзыдысты.

Иу афон дзуттæгтæ бахаудысты уацары, фæлæ сæ ирайнаг паддзах Кир уырдыгæй фервæзын кодта, ратта сын Иерусалимы дыккаг аргъуан саразыны бар. Ис сæ дзуттæгты ирвæзынгæнджытæ схонæн. Импери фæстæдæр схуыдтой Иран, ныр æм америкæгтæ Израилимæ бахъавыдысты, фæнды сæ йæ ныппырх кæнын. Фæлæ ирайнæгтæ удæй сты фидар, нæ сæттынц, исты æддагон знаг фæзынд, уæд æрбаиу вæййынц æмæ хъæддыхæй, фидарæй æрлæууынц йæ ныхмæ.

Цæмæй сæрыстыр сты, уæд зæгъæн ис афтæ: сæ культурæйæ, сæ литературæйæ, дунеон цивилизацимæ цы стыр бавæрæн бахастой, уымæй. Тæссагдзинад банкъаргæйæ, вæййынц сæ удварны раздзоджы цур, бирæтæ фæзæгъынц, уæртæ пысылмон дины бын фесты, зæгъгæ. Фæлæ уый æддагон бакастæй афтæ зыны. Мæнæ дзы сылгоймаг йæхи æвзæр, æлхъывдæй, æдыхæй æнкъара, уый афтæ нæу. Сылгоймаг у хæдзары къонайы хицау, хæдзардарæг. Сылгоймаг дзы исы уæлдæр ахуыргонддзинад, архайынц наукæйы, амалхъомады. Æхсæнады сын стыр кад ис.

Афтæмæй æддагон зондахастæн уыйас хъомыс нæй. Ирайнаг сылгоймаг йе 'ппæт бартæй дæр пайда кæны æххæстæй. Уæдæ дзы алы адæймаджы бартæ дæр хъахъхъæд цæуынц. Сæ динмæ гæсгæ сты шииттæ, афтæ зæгъæн ис, æмæ пысылмон дины ирайнæгтæ уд бауагътой, рапарахат æй кодтой иннæ адæмты 'хсæн. Пысылмон-шииттаг динмæ гæсгæ дын дæ развæндаг исчи ацараза, куыддæртæй размæ æмæ хæрдмæ схизай, уымæн дзы гæнæн нæй. Ахуыры зонындзинæдтæ исгæйæ, зондджындæрты, арæхстджындæрты фæзмгæйæ, æрыгон адæймаг йæ равзæрст фæндагыл цæуы. Иу афон йæ зонд æмæ æмбарындзинады фæрцы схæццæ уыдзæн бæрзонддæр бынатмæ.

Мæнæ се 'хсæн исчи террористон зондахастимæ размæ рацæуа, уыдон тынг стæм вæййынц, уайтагъд се 'хсæнæй ахизынц. Аятоллайæ та сын вæййы курыхондæр, амæй-ай æмбаргæдæр адæймаг, иумæйаг фарстатæ нывыл кæнын кæй бон вæййы, ахæм. Æппæт ирайнæгты йæ алыварс æрбамбырд кæнын кæй бон у, ахæм. Ис сæм политикон хицаудзинад дæр, уыдон дæр аятоллаимæ иумæ кусынц æппæты вазыгджындæр фарстатыл.

Паддзахады хъомыс бирæ хъуыддæгтимæ баст вæййы, махæй та хъуамæ рох ма уа, Иран 1979 азæй экономикон гæрæнты бын кæй ис, уый. Цас æмæ цас тыхстдзинæдтæ бавзæрста, фæлæ уæддæр нæ фæцудыдта. Ссис йæхи фæдарыны, йæхи бахъахъхъæныны хъомысы хицау. Уый та æнцон нæу, фæлæ ирайнæгтæн уый сæ къухы бафтыд, суанг сæм фæсарæйнаг бæстæтæ дæр сæ хъус дарынц. Æрмæст сæ медицинæ йæхихъом у, сæ дохтыртæ кæнынц амæй-ай вазыгджындæр операцитæ, адæмы дзæбæх кæнынц.

Уый дзуры, ирайнæгтæ раст фæндагыл кæй цæуынц, ууыл, сæ уды фидардзинад нæ дисы æфтауы. Уæрæсе кæддæриддæр у нæ хорз сыхаг Ираны, йæ цæрджыты фарс. Сæ уавæртæм сын нæ бон уазал цæстæй кæсын нæу. Нæ зæрдæ дардзыстæм, тагъд рæстæг Ираны цæрджытæ сæ сабыр цардмæ кæй раздæхдзысты, ууыл.

**САТЦАТЫ Эльбрус, ахуыргонд-иранист**

Социалон фондæй

# Бирæсывæллонджын бинонтæн

**Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад æфтиаджы 10 проценты онг уæлдæр бæрцимæ бирæсывæллонджын бинонтæн æмбæлгæ фиддонтыл проактивон уагæй æрныхас кæндзæн.**



Ацы аз иумæйаг пособийы æмгъуыд адаргъ кæныны фæдыл курдиат чи барвыста, фæлæ æфтиæгты тæккæ фылдæр бæрц 10 проценты онг уæлдæр кæй у, уый тыххæй пособи чи нæ исы, æппынкъаддæр æртæ сывæллоны хъомылгæнæг уыцы ныййарджытæн фиддон автоматикон уагæй сæвæрдзысты. Закъоны амынд нормæ архайын райдайдзæн ацы азы 22 майæ фæстæмæ.

Архайæг нормæтæм гæсгæ, æфтиаджы æмвæзад кæд хæрзчысыл фылдæр у, уæд дæр бинонтæ пособи исыны барæй автоматикон уагæй фæцух вæййынц (паддзахады 'рдыгæй æххуыс уæлдай ахсджиагдæр кæмæн у, ацы æууæл, фыццаджыдæр, фæбæрæг вæййы ахæм бирæсывæллонджын бинонтыл). Ацы азы 20 февралы фидаргонд ног федералон закъон куыд амоны, афтæмæй, пособи исыны рæстæг кæй æфтиаг фæфылдæр, уыцы бинонтæм уыдзæн радон курдиат барвитыны рæстæг фиддоны æмгъуыдыл ноджыдæр ма афæдз бафтауыны бар.

Æфтиаг бауадзинаг бæрцæй чысыл фылдæр кæй у, уый тыххæй амæй размæ иумæйаг пособи кæмæн нæ сæвæрдтой, закъонмæ хаст ивддзинæдты руаджы ныр уыцы бинонтæн ноджыдæр ма афæдзы æмгъуыдмæ сæвæрдзысты республикæйы фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй 50 проценты бæрц фиддон.

Ацы азы январæй фæстæмæ кæй рахастой æмæ ног нормæтæ кæуыл æххæссынц, Социалон фонды республикон хайад проактивон уагæй æрныхас кæндзæн разыйы дзуапп ма раттыны фæдыл уыцы уынаффæтыл. Бинонтыл искуыдæм дыккаг хатт курдиат æрвитыны хæс æвæрд нæ уыдзæн, ныййарджытæн хаст уынаффæйы тыххæй хабар портал «Госуслуги»-йы фæрцы фехъусын кæндзысты. Ацы ныййарджытæн сæвæрдзысты регионы фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй 50 процентты бæрц фиддон. Ацы аз Цæгат Ирыстоны сывæллæттæн фæцæрынæн тæккæ къаддæр хæрдзты бæрц у 16534 сомы, æмæ афтæмæй бирæсывæллонджын бинонтæн пособийы бæрц уыдзæн 8267 сомы.

Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центр: **8-800-100-00-01** (телефонæй фæдзурæн ис лæвар).

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

## 30 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.10 Время героев 16+
01.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.40, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Черное солнце» 16+
22.15 Т/с «Канцелярская крыса. Большой передел» 16+
00.40 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.15 Т/с «Поселенцы» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.30, 06.10, 06.50, 07.35, 09.30 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
08.05 Фирменный рецепт 12+
08.40 Знание-сила 12+
09.45, 10.35, 11.25, 12.15, 13.30, 13.35, 14.25, 15.20, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-5» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.20 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Д/ф «Первые в мире» 16+
07.35 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.15 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.45 Х/ф «Предел возможного» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.05 XX Век 16+
11.45 Х/ф «Цвет белого снега» 16+
12.45 Новости Подробно. Арт 16+
13.00 Код доступа 16+
13.30 Линия жизни 16+
14.25 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
14.40 Д/ф «Основатель. Иван Калита» 16+
15.25 Агора 16+
16.30 Передвижники. Иван Крамской 16+
17.15 Рахманиновские дни 16+
18.20 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50, 02.10 Больше, чем любовь 16+
21.35 Сати. Нескучная классика... 16+
22.15 Х/ф «Тайна Эдвина Друда» 0+
00.10 Ступени цивилизации 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Культовые 12+
06.30 Биатлон с Дмитрием Губерниевым 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 11.35, 22.00 Все на Матч! 12+
09.05 Время чемпионов. Специальный репортаж 12+
09.25, 01.00 Эволюция спорта 12+
10.30 Смешанные единоборства. UFC. Ренато Мойкано против Бенуа Сэн-Дени. Трансляция из Франции 16+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
14.55 Человек из Футбола. Дмитрий Булыкин 12+
15.30 Д/ф «Наскар. Ведущее наследие» 16+
16.30 Смешанные единоборства. UFC. Исраэль Адесанья против Джо Пайфера. Трансляция из США 16+
17.45 Громко. Прямой эфир
19.00 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. «Спартак» (Москва)-«Локомотив» (Ярославль). Прямая трансляция
23.00 Профессиональный бокс. RCC Boxing. Павел Силягин против Пабло Корсо. Трансляция из Екатеринбурга 16+
00.00 Д/ф «Пеле. Король Футбола» 12+
02.00 Легкая атлетика. Мировой континентальный тур. Трансляция из Австралии 6+
04.00 Новости 0+
04.05 Баскетбол. Единая лига ВТБ. УНИКС (Казань)-«Локомотив-Кубань» (Краснодар) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Смех, дрожь и видео 16+
08.55 Т/с «Дела житейские» 16+
10.50 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Х/ф «Таежный детектив. Живая вода» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Кочевница. Хрустальные слезы» 16+
16.55 Д/ф «Алексей Петренко. По прозвищу Зверь» 16+
18.10 Х/ф «Мои звери» 16+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Обжалованию не подлежит. Ироды» 16+
01.30 Плохие парни 16+
02.10 Д/ф «Дорогие товарищи» 16+
04.20 Короли эпизода 16+
05.30 Большое кино 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.25 Давай разведемся! 16+
08.25, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Т/с «Понять. Простить» 16+
11.45, 00.25 Т/с «Порча» 16+
12.55, 01.20 Т/с «Знахарка» 16+
13.30, 01.45 Т/с «Верну любимого» 16+
14.05, 02.15 Т/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.40, 04.00 Х/ф «Две судьбы» 16+
19.00 Х/ф «Однофамильцы» 16+
03.30 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.30, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00, 20.00 Безумные факты 16+
17.00, 01.30 Тайны Чапман 16+
20.25 Х/ф «Перекресток» 16+
22.30, 23.25 Х/ф «Барракуда» 16+

### СТС
06.00, 05.10 100 мест, где поесть 16+
06.35 Тайный миллионер 16+
08.45 Т/с «Любопытная Варвара» 6+
09.55 Х/ф «Плакса» 16+
12.00 Т/с «Как Деревянко Ломоносова играл» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Как Деревянко Чехова играл» 16+
21.00 Х/ф «Профессионал» 16+
23.20 Х/ф «Побег» 18+
01.45 Х/ф «88 минут» 16+
03.20 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+
03.40 Х/ф «Слон по имени Бенджамин» 12+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
09.00 Выжить в Стамбуле 16+
16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30 Т/с «Праздники» 16+
20.00, 20.25, 21.00 Т/с «Большой человек» 16+
21.30, 22.30 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.30 Х/ф «Непослушная» 18+
01.30 Х/ф «Текст» 18+
03.35, 04.25 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 31 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Черное солнце» 16+
22.15 Т/с «Канцелярская крыса. Большой передел» 16+
00.40 Захар Прилепин. Уроки русского 12+
01.15 Т/с «Поселенцы» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.00, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
06.35, 07.00, 07.35, 08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-5» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.35, 21.25, 02.00, 02.40, 03.30, 04.00 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Театральная летопись 16+
07.50, 18.35, 00.10 Ступени цивилизации 16+
08.45 Х/ф «Предел возможного» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.10 XX Век 16+
12.00 Х/ф «День без числа» 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.00 Жизнь замечательных идей 16+
13.30, 22.15 Х/ф «Тайна Эдвина Друда» 0+
15.00 Д/ф «Век детской книги» 16+
15.30 Кристальные истории 16+
15.45 Сати. Нескучная классика... 16+
16.30 Д/ф «Коллекция» 16+
17.15 Рахманиновские дни 16+
18.15 Семидесятые 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
01.40 Д/ф «Рахманинов. Возвращение в Ивановку» 16+
02.40 Д/ф «Забытое ремесло» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Культовые 12+
06.30 Дело № 16+
07.00, 09.00, 15.25 Новости
07.05, 17.45, 22.30 Все на Матч! 12+
09.05, 15.05, 03.40 Специальный репортаж 12+
09.25, 01.00 Эволюция спорта 12+
10.30 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Женщины 10 км. Прямая трансляция из Кировска
12.30 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Мужчины 15 км. Прямая трансляция из Кировска
15.30 Д/ф «Рафаэль Надаль» 12+
16.30 Смешанные единоборства. UFC. Крис Данкан против Теренса Маккинни. Трансляция из США 16+
19.00 Футбол. BetBoom матч сборной. Россия-Мали. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
00.00 Д/ф «Наскар. Ведущее наследие» 16+
02.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Женщины 10 км. Трансляция из Кировска 6+
04.00 Новости 0+
04.05 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Самара»-«Зенит» (Санкт-Петербург) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Т/с «Дела житейские» 16+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Х/ф «Таежный детектив. Живая вода» 12+
13.45, 04.55 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Кочевница. Ростовская царевна» 16+
16.55 Д/ф «Ренат Ибрагимов. Усталый многоженец» 16+
18.10 Х/ф «Мои звери-2» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Звездные сантиметры» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Настоящий детектив» 16+
01.30 Хроники московского быта 16+
02.10 Д/ф «Приговор» 18+
04.15 Короли эпизода 16+
05.30 Большое кино 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.25 Давай разведемся! 16+
08.25, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Т/с «Понять. Простить» 16+
11.45, 00.25 Т/с «Порча» 16+
12.50, 01.20 Т/с «Знахарка» 16+
13.25, 01.45 Т/с «Верну любимого» 16+
14.00, 02.15 Т/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.35, 04.00 Х/ф «Две судьбы» 16+
19.00 Х/ф «Тот самый день» 16+
03.30 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.40, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00, 20.00 100 вопросов обо всем 16+
17.00, 01.40 Тайны Чапман 16+
20.25 Х/ф «Тройная угроза» 16+
22.25, 23.25 Х/ф «Безбашенные» 16+

### СТС
06.00, 05.05 100 мест, где поесть 16+
06.40 Просто кухня 12+
07.40 Т/с «Любопытная Варвара» 6+
09.55 Х/ф «Плакса» 16+
15.15 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
16.55, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Как Деревянко Чехова играл» 16+
21.00 Х/ф «Стукач» 16+
23.20 Х/ф «Большой Стэн» 16+
01.20 Х/ф «Операция колибри» 16+
03.00 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+
03.20 Х/ф «Непотопляемые» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 15.50, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00 Т/с «Праздники» 16+
18.30, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00 Т/с «Большой человек» 16+
21.30, 22.30 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.30 Х/ф «Жених» 12+
01.10 Х/ф «Васаби» 16+
02.40, 03.25, 04.10 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 1 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55- Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Черное солнце» 16+
22.15 Т/с «Канцелярская крыса. Большой передел» 16+
00.40 Мы и наука. Наука и мы 12+
01.45 Т/с «Поселенцы» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.40, 06.20, 07.00, 07.45, 09.30, 04.25 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
08.25 Стройнадзор 16+
09.40, 10.30, 11.20, 12.15, 13.30, 13.35, 14.25, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-5» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 21.25, 02.00, 02.40, 03.20, 03.50 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Театральная летопись 16+
07.50, 18.35, 00.10 Ступени цивилизации 16+
08.45 Х/ф «Предел возможного» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.10 XX Век 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.00 Жизнь замечательных идей 16+
13.30, 22.15 Х/ф «Тайна Эдвина Друда» 0+
15.00 Д/ф «Век детской книги» 16+
15.30 Кристальные истории 16+
15.45 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15 Рахманиновские дни 16+
18.15 Семидесятые 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Д/ф «Кастинг в прошлом веке» 16+
21.30 Власть факта 16+
01.55 Д/ф «Рахманинов. Возвращение в Ивановку» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Культовые 12+
06.30 Человек из Футбола. Дмитрий Булыкин 12+
07.00, 09.00, 13.30, 15.25 Новости
07.05, 17.45, 22.00 Все на Матч! 12+
09.05, 15.05, 03.40 Специальный репортаж 12+
09.25, 01.00 Эволюция спорта 12+
10.00 Лыжная страна 16+
10.30 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Гонка преследования. Женщины. Прямая трансляция из Кировска
12.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Гонка преследования. Мужчины. Прямая трансляция из Кировска
13.35 Есть тема! Прямой эфир
15.30 Д/ф «Роджер Федерер. Путь чемпиона» 12+
16.30 Профессиональный бокс. Денис Лебедев против Роя Джонса. Трансляция из Москвы 16+
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
23.00 Смешанные единоборства. UFC. Бенэил Дариуш против Ренато Мойкано. Трансляция из США 16+
00.00 Д/ф «Рафаэль Надаль» 12+
02.00 Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Мужчины 15 км. Трансляция из Кировска 6+
04.00 Новости 0+
04.05 Баскетбол. Winline Basket Cup. «Парма» (Россия)-«Мега» (Сербия) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Т/с «Дела житейские» 16+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Х/ф «Таежный детектив. Пришелец» 16+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Кочевница. Серая мышка» 16+
16.55 Д/ф «Ирина Мирошниченко. Одиночество по расчету» 16+
18.10 Х/ф «Мои звери-3» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Охота на маньяка» 16+
01.30 Знак качества 16+
02.10 Мифы о еде 16+
04.20 Д/ф «Александр Абдулов. Жизнь без оглядки» 16+
05.35 Большое кино 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.30 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.20 Тест на отцовство 16+
10.45, 22.55 Т/с «Понять. Простить» 16+
11.50, 00.00 Т/с «Порча» 16+
13.00, 01.00 Т/с «Знахарка» 16+
13.35, 01.25 Т/с «Верну любимого» 16+
14.10, 01.55 Т/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.45, 03.10 Х/ф «Две судьбы» 16+
19.00 Х/ф «Цветочное озеро» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.05, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 02.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Безумные факты 16+
20.25 Х/ф «Западня» 16+
22.40, 23.25 Х/ф «В паутине обмана» 16+

### СТС
06.00, 05.20 100 мест, где поесть 16+
06.40 Просто кухня 12+
07.40 Т/с «Любопытная Варвара» 6+
09.55 Х/ф «Плакса» 16+
11.00 Х/ф «Плакса-2» 16+
15.15 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
16.50, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Как Деревянко Чехова играл» 16+
21.00 Х/ф «Дедушка нелегкого поведения» 6+
23.00 Х/ф «Няньки» 16+
00.55 Х/ф «Дедушка легкого поведения» 18+
02.25 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
03.10 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+
03.50 Х/ф «Нормальный только я» 12+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30 Т/с «Праздники» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00 Т/с «Большой человек» 16+
21.30, 22.30 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.30 Х/ф «Пара из будущего» 16+
01.25 Х/ф «Симона и мистер скунс» 6+
03.20, 04.05 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 2 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.55, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
